# "QARAQALPAQ QIZ BAQSISI SAPARGÚL"

"КАРАКАЛПАКСКАЯ ДЕВУШКА БАКШИ САПАРГУЛ"

"KARAKALPAK GIRL BAKSHI SAPARGUL"

***Kamalova Gúlmaryam***

*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialı "Ulıwma kásiplik hám social-gumanitar pánler" kafedrası assistent oqıtıwshısı*

**Annotaciya:** Bul maqalamızda qaraqalpaq xalıq baqsısı Basherova Sapargúldiń ómiri hám dóretiwshiligi, bul baǵdardaǵı jetiskenligi haqqında sóz etiledi.

**Gilit sózler:** baqsıshılıq, xalıq awızeki dóretiwshiligi, ustaz, shakirt, tadbir, jarıs.

**Аннотация:** В этой статье мы поговорим об жизни и творчестве Сапаргул Башеровы. О её достижениях в сфере каракалпакского фольклора.

**Ключевые слова:** устное народное творчество, фольклор, преподователь, ученик, конкурс, праздники.

**Annotation:** In this article we will talk about the life and work of Sapargul Basherova. About her achievements in the field of Karakalpak folklore.

**Key words:** oral folk art, folklore, teacher, student, competition, holidays.

Qaraqalpaq baqsıshılıq óneri rawajlanıw basqıshında qız baqsılar sanawlı edi. Berdaq shayırdıń batır qızı Xurliman baqsıdan keyin qaraqalpaq milletinde baqsı qızlar sanı kóbiye basladı. Xurliman baqsınıń izin quwǵan qız baqsılarımızdan biri Sapargúl Basherova.

1974-jıl 13-martta Qanlıkól rayonı Altınkól awılı Bashirovlar shańaraǵında quyashtay kúlimlep Sapargúl atlı qız dúnyaǵa keldi. Bul úlken shańaraqta segiz perzent tarbiyalanǵan bolsa, biziń búgingi qaharmanımız mine usılardıń besinshisi edi.

Jas Sapargúldiń ómir jolına keletuǵın bolsaq, ol 1981- jılı óz awılındaǵı 3-sanlı sol waqıttaǵı "Michurin" atındaǵı ulıwma bilim beriw mektebine tunǵısh qádemin qoydı. Aradan on jıl waqıt ótip, 1991 jılı oqıwın tabıslı tamamladı.

Ol jaslayınan qaraqalpaq milliy saz ásbabı esaplanǵan alamoynaq duwtarına qızıǵıwshılıǵı kúshli bolǵan. Sol waqıtları onıń bul tarawdı tańlawına ata-anası qarsı boladı. Lekin sonday qarama-qarsılıqlarǵa qaramay óziniń tuwısqan bólesi, Qaraqalpaq xalıq baqsısı Turǵanbay Qurbanov oǵan ustaz retinde baqsıshılıq tarawınıń sırların úyrete basladı. 1992-jıl J.Shamuratov atındaǵı mádeniyat hám kórkem óner uchilishesinde birinshi márte ashılǵan milliy muzika(folklor) jónelisiniń baqsıshılıq bólimine oqıwǵa tapsıradı. Ol jerde de óziniń usı tarawdaǵı birinshi ustazı qaraqalpaq xalıq artisti T.Qurbanovtan tálim alǵan. Sol jıldan baslap Nókis qalası 1-sanli mádeniyat úyinde shólkemlestirilgen "Xosha dás" folklor ansambli aǵzası bolıp,

Resspublikamızda ótkizilgen koncert hám tádbirlerde, Mustaqıllıq, Nawrız hám jáne de basqa xalıqaralıq bayramlarlarda belsene qatnasqan.

Jas baqsı 1996-jılı oqıwdı tabıslı tamamlap, sol jıldıń ózinde-aq 12-sanlı balalar muzıka mektebinde milliy muzıka bólimin shólkemlestiredi. Bul iskerliginen shakirtleri menen birgelikte Respublikamızda ótkerilgen kórik tańlawlar, festival, koncert hám hár túrli tádbirlerde belsene qatnasıp kelmekte.

1999-jıl M.Qori Yakupov atındağı kórik tańlawınıń Qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında “Bes perde” ansambli menen qatnasıp sıylı II orındı qolǵa kiritken.

2000-jıl “1-iyun balalardı qasterlep abaylaw kúni” munasebeti menen ótkizilgen Tashkent qalası Turkistan sarayında bolıp ótken festivalda shákirtleri menen qatnastı.

2002-jıl M.Qori Yakupov atındağı kórik tańlawda Andijan qalasında bolıp ótken Respublika basqıshında onıń G.Aqımbetova shákirti sıylı I orındı iyeledi.

2005-jıl M. Qori Yakupov atındağı kórik tańlawda Qaraqalpaqstan Respublika basqıshında onıń T.Dauletbaev shákirti sıylı I orın iyesi boldı.

2012-jıl ansambller kórik tańlawınıń qaraqalpaqstan Respublikası basqıshında “Bes perde” ansambli menen qatnasıp sıylı II orındı iyelegen.

2018-jıl Nilifar Abdullaeva “Kamalak Yulduzlari” balalar dóretiwshiligi festivalında statuetka hám doplom iyesi boldı.

2021-jılı Ózbekstan Respublikası jaslar awqamı tárepinen “Bozataw Fest” jaslar festivalında Dauletbaeva Miyasar Ózbekstan Respublikası basqıshında sıylı II-orındı qolǵa kiritti.

2022-jıl Ózbekstan Respublikası jaslar awqamı tárepinen “Bozataw Fest” jaslar festivalında Qozıbaev Ashirbek Ózbekstan Respublikası basqıshında sıylı I-orındı qolǵa kiritti.

2022-jıl Ózbekstan Respublikası Mádeniyat wázirlegi “San’atim senga obod yurtim” dóretiwshilik kórik tańlawında Ózbekstan Respublikası basqıshında sıylı II orın iyesi.

2022-jıl VII xalıq aralıq “Iqtidorli bolalar” kórik tańlawında grampri jeńimpazı boldı.

2009-jılı Gúlbaxar Aqımbetova “Zulfiya” atındağı mámleketlik sıylıq laureatı boldı, onnan basqa “Doslıq” ordeni iyesi, Qaraqalpaqstan xalıq baqsısı ataǵına hám professor dárejesine eristi.

Dauletbaeva Miyasar oqıwshısı “Xoshámet 2020”, “Tahsin 2021” jánede Qaraqalpaqstan Respublikası joqarǵı keáesi tárepinen “Úmit ushqını” kókrek nıshanı menen sıylıqlandı.

2015-jıl D.Matniyazova “Istedot” kórik tańlawında belsene qatnasqanı ushın diplomdı qolǵa kiritken.

2022-jıl A.Qozıbaev “Amet baqsı Tarixov 100 jasta” kórik tańlawında Granpridı qolǵa kiritti.

Basherova Sapargúlda kóplegen jetiskenliklerge erisken. Atap aytsaq:

2002-jıl Ózbekstan respublikası mádeniyat wázirliginen Maqtaw jarlıǵın alǵan.

2013-jılı M.P.J tárepinen "Maqtaw jarlıǵı" berilgen.

2016-jılı Qaraqalpaqstan Respublikası xalıq tálim wázirliginen "Húrmet jarlıǵı" menen sıylıqlanǵan.

2017-jıl Qaraqalpaqstan Mádeniyat wázirliginen Maqtaw jarlıǵı menen sıylıqlanǵan.

2017-jıl Qaraqalpaqstan respublikası Berdaq milliy muzeyi tárepinen "Bardaq fondı" shólkemlestirilgen "Berdaq shayır qosıqlarınan" jarısında sıylı I orındı qolǵa kiritti.

2018-jılı Qaraqalpaqstan Mádeniyat wázirliginen Maqtaw jarlıǵı menen sıylıqlanǵan.

2020-jılı "Milliy tiklanish" partiyasınan "Minnetdarshılıq xatı" berilgen.

2022-jılı Qaraqalpaqstan Mádeniyat wázirligi Nókis qala mádeniyat úyi bóliminde bolıp ótken "Baqsı, aqın hám jırawlar" kórik tańlawında I orındı iyelep Respublikalıq basqıshqa jollanba alǵan. Hám sol Respublikalıq basqıshta belsene qatnasıp sıylı I orındı qolǵa kiritken.

2022-jılı Ózbekstan Respublikası inovacion jámaát birlespesi tárepinen shólkemlestirilgen "Iqtidorli bolalar" kórik tańlawınan "Minnetdarshılıq xatı" berilgen.

2022-jılı "Baqsı, axın hám jırawlar" kórik tańlawınıń Ózbekstan Respublikalıq basqıshında II orın iyesi bolǵan.

2022-jılı Baqsıshılıq festivalında belsene qaynasqanlıǵı ushın mádeniyat ministri O.Nazarbekov tárepinen "Minnetdarshılıq xatı" berilgen.

2023-jılı III xalıq aralıq baqsıshılıq óneri festivalında belsene qatnasqanlıǵı ushın mádeniyat ministri O.Nazarbekov tárepinen "Minnetdarshılıq xatı" menen sıylıqlanǵan.

2023-jılı Rossiya bilimlendiriw partalı tárepinen "Благодарственное письмо"( "Minnetdarshılıq xatı" ) berilgen.

Sapargúl Basherova Respublikamızda milliy mádeniyattı jas óspirimlerge milliyligimizdiń bir bólegi bolǵan dástanlardı, qaraqalpaq xalıq qosıq hám namaların ustaz-shákirt jolı menen úyretip, bul salanıń rawajlanıp áwladtan-áwladǵa ótip dawam etiwine óz úlesin qosıp kelmekte.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. Charshemov J. Problems of Using Karakalpak Folklore in Composers //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – T. 2. – №. 3. – C. 270-273.

2. Charshemov J. A REVIEW OF MARKABAY JIEMURATOV'S WORK //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 818-821.
3. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.
4. Begis P., Kamalova G. M. SÓNBES JULDIZ //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 55-59.
5. Aysawle J., Kamalova G. M. SAHRA BÚLBÚLI ROZA QUTEKEEVA //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 60-66.
6. Dauletbaeva G., Kamalova G. A SHINING STAR //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 880-884.
7. Segizbaeva G., Kamalova G. M. DEVELOPMENT OF THE ORCHESTRA OF MUSICAL INSTRUMENTS IN KARAKALPAKSTAN //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 10. – С. 875-879.
8. Niyazbaeva A. J., Kamalova G. M. CHANQOVUZ MUSIQA ASBOBI VA UNING TURLARI //Journal of Integrated Education and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 1. – С. 26-30.
9. Kamalova G. M. et al. QARAQALPAQTIŃ BAY MIYRASI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2023. – Т. 32. – №. 2. – С. 52-54.
10. Kamalova G. M., Axmetovna M. A. QOBIZ HÁM JIRAWSHILIQ DÁSTÚRLERIN SAQLAW //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – №. 1. – С. 123-126.
11. Kamalova G., Akhmetovna M. A. THE LEGACY THAT HAS COME DOWN TO US AS “JETI ASIRIM” //Лучшие интеллектуальные исследования. – 2023. – Т. 9. – №. 1. – С. 117-122.
12. Kamalova G. M. et al. ÓZBEKSTAN XALIQ BAQSISI ǴAYRATDIN ÓTEMURATOV //TADQIQOTLAR. – 2023. – Т. 25. – №. 1. – С. 40-42.
13. Kamalova G. M. et al. ÓZBEK MUZIKASINDA BALALAR FOLKLORI //Journal of new century innovations. – 2023. – Т. 39. – №. 2. – С. 85-87.
14. Тажетдинова С. М., Худайбергенова Г. Ж. Формирование музыкальной культуры студентов //Молодой ученый. – 2018. – №. 47. – С. 380-382.
15. Тажетдинова С. М. Народные песни как фактор развития личности учащихся //Вестник Курганского государственного университета. – 2018. – №. 3 (50). – С. 62-62.